



Zona (Hèpès Zostè)

Kisa zona ye?

Zona, moun konnen tou tankou hèpès zostè, se yon gratèl po ki fè mal menm viris ki lakòz saranpyon an (viris varisèl ak zona) koze. Dapre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC), prèske youn nan chak twa moun nan Etazini pral devlope zona.



Gratèl po zona koze


Kisa ki lakòz zona?

Aprè yon moun ki te gen saranpyon fin refè, viris la (viris varisèl ak zona) rete dòmi nan kò a. Viris la pa koze maladi pandan tan sa a, men li kapab reveye apre anpil ane. Li pa klè pou moun pou kisa viris la reveye, men si li reveye, li lakòz zona.

Ki moun ki gen zona?


Nenpòt moun, timoun tou, kapab gen zona si yo te gen saranpyon. Chans pou yon moun gen zona vin pi plis a mezi moun pi gran. Apeprè mwatye nan ka zona yo se gason ak fi ki gen 60 lane oubyen pi gran. Si ou te pran vaksen pou saranpyon, chans pou gen zona pi piti lontan pase si ou pat pran vaksen epi natirèlman ou te malad ak saranpyon.

Ki sentòm yo pou zona?



Modèl komen gratèl zona parèt (Foto devan)

Anjeneral zona kòmanse tankou yon gratèl sou yon bò figi ak kò a ki fè mal. Gratèl la fòme zanpoud ki tounen kal nan 7-10 jou epi ki eklèsi nan 2-4 semèn. Anvan gratèl la devlope, anpil fwa genyen doulè, demanjezon, ak pikotman nan zòn kote gratèl la parèt la. Sa ka rive nenpòt lè nan 1 a 5 jou anvan gratèl la parèt. Pi souvan, gratèl la parèt tankou yon ly zona swa sou bò goch oubyen sou bò dwat kò a. Nan lòt ka yo, gratèl la parèt sou yon bò nan figi a.



Modèl komen gratèl zona parèt (Foto dèyè)

Nan ka ki ra a yo (anjeneral pami moun ki gen sistèm iminitè fèb), gratèl la gen dwa pi gaye epi tou sanble ak yon gratèl saranpyon. Zona kapab afekte youn nan je yo epi lakòz pwoblèm grav. Lòt sentòm zona gen ladan yo lafyè, maltèt, frison, ak vant balonnen. Kèk moun ki gen zona gen gwo doulè kote yo te gen gratèl zona a APRE gratèl la fin ale. Sa rele “nevralji apre hèpès (PHN)”. PHN kapab grav. Malgre anjeneral li ale apre kèk semèn oubyen mwa, li kapab retounen.

Èske zona kontajye?

Mikwòb ki lakòz zona a kapab pase a nenpòt moun ki pat gen saranpyon epi ki pat vaksinen kont saranpyon. Mikwòb sa a kapab lakòz **saranpyon** kay moun ki pran kontak ak li, men li pa kapab lakòz zona dirèkteman. Mikwòb la simaye nan kontak ak likid ki soti nan zanpoud gratèl yo epi li pa kontajye menm jan ak saranpyon. Mikwòb zona yo ka simaye sèlman apre zanpoud yo parèt ak anvan zanpoud yo fòme kwout/kal.

KONTINYE

Si ou genyen zona:

- Kenbe gratèl la kouvri
- Pa manyen oubyen grate gratèl la
- Lave men ou souvan
- Jiskaske gratèl la devlope kwout/kal, evite kontak ak
 - Fanm ansent ki pat janm gen saranpyon oubyen vaksen saranpyon an;
 - Ti bebe prematire oubyen ki fèt piti anpil; ak
 - Moun ki gen sistèm iminitè fèb (tankou sa a yo ki gen VIH)

Kouman yo trete zona?

Anpil medikaman doktè preskri ka ede amelyore zona pi vit. Medikaman sa a yo bezwen kòmanse bonè, konsa si ou panse ou gen zona, rele doktè ou pi vit posib. Medikaman pou doulè kapab sèvi pou soulaje doulè zona ansanm ak konprès mouye, krèm kalamín, ak beny avwàn kapab soulaje kèk demanjezon men li pa trete enfeksyon an.

Kouman pou mwen anpeche zona?

Vaksen kont zona se sèl mwayen pou redui risk ou pou gen zona. Yo rekòmande vaksen an pou tout moun ki gen laj 50 ane ak pi gran. Menm moun ki te gen zona nan tan pase ka pran vaksen an pou anpeche enfeksyon a lavni. Wè doktè ou pou pran vaksen kont zona.

Èske vaksen kont zona a san danje?

Wi, li san danje. Ti reyaksyon ka rive tankou doulè ak koulè wouj kote yo te pike ou la, maltèt, fatig oubyen yon ti malèz vag.

Saranpyon kont Zona

	Saranpyon	Zona
Kisa ki lakòz li?	Viris varisèl ak zona	Viris varisèl ak zona
Èske li kontajye?	Kontajye anpil	Pa kontajye menm jan ak saranpyon
Kouman li simaye?	Simaye nan lè a nan touse oubyen etènnye oubyen touche oubyen respire yon ti kal viris ki soti nan zanpoud saranpyon yo	Simaye sèlman nan touche dirèkteman likid ki soti nan zanpoud yo nan gratèl la.
Ki moun ki a risk genyen li?	Moun ki pat janm gen saranpyon oubyen ki pat janm resevwa vaksen saranpyon an	Nenpòt moun ki te gen saranpyon kapab devlope zona
Èske gen vaksen?	Wi	Wi
Ki moun ki ta dwe pran vaksen an?	Timoun vaksinen regilyèman. Adolesan ak granmoun yo ki pa gen prèv yo te gen maladi saranpyon ta dwe vaksinen.	Moun ki gen laj 50 ane ou pi gran, menm lè yo the gen saranpyon

